



1 PA ITILIZE DLO A PANDAN OMWEN 6 ÈDTAN




- Sa vle di ou pa dwe lave asyèt, ou pa dwe flòch twalèt oswa ou pa dwe bwè dlo a ditou.
- Tanpri, plen yon krìch, si ou ta bezwen dlo pandan peryòd sa a.
- Si w ap viv nan yon bilding pou anpil fanmi, li pa nesesè pou mete restriksyon sou itilizasyon dlo a nan apatman (yo)

4 PRAN ECHANTIYON #2 Flòch 1-2 minit




- Apre dlo frèt la koule 1 a 2 minit, kòmanse plent Boutèy #2 (etikèt oranj lan).
- Plen Boutèy #2 jouk anba kou. Bouche li sere.
- Fèmen dlo a.
- Ekri **Dat** ak **Lè** ou te pran dlo a sou **Boutèy #2** ak sou **fòm Kontwòl** la.

2 CHWAZI YON POZISYON POU ECHANTIYON AN



- Ou ta dwe pran echantiyon dlo **KI PA FILTRE** a nan swa yon **Wobinè Kuizin OSWA Twalèt** epi ou fèt pou w mete pozisyon an nan **fòm kontwòl (Chain-of-Custody, CoC)**.
- Si wobinè ou chwazi a gen yon ayeratè (griy nan pwent wobinè a), tanpri kite li anplas.
- Si wobinè a gen yon filtè anliy ladan, tanpri retire li oswa kontoune filtè a.


5 RANPLI FÒM KONTWÒL LA



OU FÈT POU RANPLI LI


- **Ranpli fòm Kontwòl** ki vini ak dokiman sa a menmsi ou te ranpli li anvan.
- Ou dwe mete 'Enfòmasyon Echantiyonaj' la (1 a 4) nèt sinon yo gendwa PA analize echantiyon ou a.
- Reponn kesyonè a (5 jiska 12) dapre tout sa ou konnen. Si ou pa kapab reponn yon kesyon, tcheke 'mwen pa konnen' oswa kite li vid.
- Siyen ak date anba a.
- Konsève dezyèm paj la pou dosye ou.

3 PRAN ECHANTIYON #1 Premye Tiraj



- Mete **Boutèy #1 (etikèt jòn nan)** anba wobinè a epi louvri sèlman **dlo frèt** la.
- Plen **Boutèy #1** jouk anba kou. Bouche li sere.
- Kite dlo frèt la kontinye koule.
- Ekri **Dat** ak **Lè** ou te pran dlo a sou **Boutèy #1** ak sou **fòm Kontwòl** la.

6 REMÈT ECHANTIYON YO SAN PÈDI TAN



EKSPEDISYON PEYE

- Mete **Boutèy #1** ki plen an, **Boutèy #2** ki plen an anndan sache plastik yo bay la, kachte li, epi mete sache kachte a ak **fòm Kontwòl** ki ranpli a nan bwat la.
- Fèmen bwat la avèk adeziv anbalaj la oswa adeziv mawon an. Mouye adeziv la anvan.
- Retire **Etikèt pou Retounen Machandiz** lan epi kole li sou etikèt adrès ki te deja deyò nan bwat la.
- Pote bwat la nan nenpòt Biwo Lapòs Etazini (USPS) oswa 'Schedule a Pickup' (Pwogram pou yo Vin Chèche li). **Pa depoze bwat la nan yon bwat ble lapòs.**
- Si yo pa resevwa bwat la nan 2 semèn apre ou te pran yo, yo PA pral analize echantiyon yo.

Remak: N ap voye rezilta yo ba ou nan 3 a 6 semèn apre nou resevwa twous ou.